



واصرف عنايتك إلى أمر القلب والباطن ، فقد قال عليه ^{إصلاح}
القلب الصلاة والسلام : « إن الله لا ينظر إلى صوركم وأعمالكم ،
وإنما ينظر إلى قلوبكم ونياتكم » فحَقِّق قولك بعملك ،
وعملك بنيتك وإخلاصك ، ونيتك وإخلاصك بتصفية ضميرك
وإصلاح قلبك ، فإن القلب هو الأصل وعليه المدار .

Nyaheni Manah

Lan ngadepakena panjenengan enggenipun nemen-nemeni dateng urusan manah lan bathin. Mangka temen sampun ngendika Kanjeng Nabi Muhammad 'alaihi sholatu was salam: “ *Saktemene Gusti Alloh iku ora mirsani maring rupa lan penggawehan iro kabeh, lan anging pesthine Gusti Alloh iku mirsani marang ati lan niat iro kabeh*”. Mangka nyatakakena ucapan panjenengan kanthi pendamel panjenengan, nyatakakena amal (pendamel) panjenengan kanthi niyat lan ikhlash, lan nyatakakena niyat lan ikhlash panjenengan kanthi bersihkan sanubari lan nyaheni manah panjenengan. Mangka sayektosipun manah punika ingkang dados dasar (asal) lan panggenan muteripun sedaya samukawis.

وفي الحديث : « ألا إن في الجسد مضغة إذا صلحت صلح

سائر الجسد ، وإذا فسدت فسد سائر الجسد ؛ ألا وهي القلب » . فوجب الاهتمام به ، وصرف العناية إلى إصلاحه وتقويمه ، وهو - أعني القلب - سريع التقلب ، كثير الاضطراب حتى قال عليه الصلاة والسلام فيه : « إنه أسرع تقلباً من القدر إذا استجمعت غليانها » . وكان عليه الصلاة والسلام كثيراً ما يدعو : « يا مقلب القلوب ثبت قلبي على دينك » .

Lan (dipun jelasaken) salebetipun hadis :”*Hai elinga !. Temen satuhune iku tetep ing dalem sajeronne jasad ana getih kenthel kang nalikane bagus, maka bagus sekabehane jasad, lan nalikane rusak, mangka rusak sekabehane jasad. Hai elinga !. Getih kenthel iku kang diarani ati*”.

Mangka wajib nggatosaken (masalah) manah, lan wajib ngadepaken panemen-nemen dateng nyaheni lan jejegaken manah. Manah punika cepet sanget enggenipun bolak balik lan kathah gonjang ganjingipun, sahingga Kanjeng Nabi Muhammad ‘alaihi sholatu was salam ngendika:”*Temen satuhune ati iku luwih enggal bolak balike tenimbang kendhil nalikane kumpul umobe*”, lan Kanjeng Nabi Muhammad’alaihi sholatu was salam kathah sanget enggenipun dedonga : “ *Duh Dzat ingkang molak malikaken manah, mugi panjenengan netepaken manah kula dateng agama panjenengan*”.

ويقول : « إن القلوب بين أصبعين من أصابع الرحمن ، إن شاء أقامها وإن شاء أزاغها » ، وكان عليه الصلاة والسلام إذا حلف واجتهد في اليمين يقول : « لا . . . ومقلب القلوب » . وقال تعالى حاكياً عن إبراهيم خليله عليه السلام : ﴿ وَلَا تُخْزِنِي يَوْمَ يُبْعَثُونَ ﴾ [الشعراء : ٨٧/٢٦] . فاحرص كل الحرص - رحمك الله - على أن تأتي ربك بالقلب السليم من الشرك والنفاق ، والبدعة ومنكرات الأخلاق ، مثل الكبر والرياء ، والحسد والغش للمسلمين ، وأشباه ذلك . واستعن بالله واصبر ، واجتهد وشمر ، وقل كثيراً : ﴿ رَبَّنَا لَا تُخِزْ قُلُوبَنَا بَعْدَ إِذْ هَدَيْتَنَا وَهَبْ لَنَا مِنْ لَدُنْكَ رَحْمَةً إِنَّكَ أَنْتَ الْوَهَّابُ ﴾ [آل عمران : ٨/٣] . فبذلك وصف الله الراسخين في العلم من عباده المؤمنين .

Lan Kanjeng Nabi Muhammad SAW ngendika:” *Temen satuhune pira-pira ati iku tetep ingdalem antarane kudrat irodade Gusti Alloh Dzat kang welas, lan lamon panjenengane ngersakaken (jejeg), mangka panjengane jejegaken (ati),lan lamon ngersakaken (mēncēng), mangka panjengane mēncēngaken(ati)*”.

Lan Kanjeng Nabi Muhammad alaihis sholatu was salam nalika sumpah lan nemen-nemeni (enggenipun sumpah), maka panjenenganipun ngendika :” *Ora....., demi Dzat kang mbolak mbalekaken ati*”.

Gusti Alloh Ta’ala ngendika (nyariosaken Nabi Ibrahim ‘alaihi salam ingkang dados sanak kraketipun) : “ *Lan mugi panjenengan mboten nginahaken*

dumateng kula wonten dintenipun manungsa dipun tangēkaken(saking kubur), dintenipun mboten migunani banda lan anak, kejawi tiyang ingkang sowan dateng Gusti Alloh kanthi manah ingkang slamet". (QS al-Syu'aro (26): 87-89).

Maka panjenengan lobaho kanthi saestu – mugi panjenengan dipun paringi rahmat dening Gusti Alloh – enggen panjenengan sowan dateng pangeran panjengan kanthi mbekta manah ingkang selamat sakin syirik, nifaq,bid'ah lan akhlak ingkang dipun gethingi (munkarotul akhlak) kados kibir,riya'.nipu dateng tiyang Islam lan sesaminipun.

Maka panjenengan nyuwuna dateng gusti Alloh, sabara, nemen-nemena, cacuta taliwanda, lan ngucapa (doa) ingkang kathah "***Duh Gusti kita, mugi jengandika mboten nyimpangake manah kita sasampunipun jengandika paring pitedah dumateng kita, lan mugi jengandika paring dumateng kita sangking ngarsa jengandika rahmat(kawelasan). Sayektosipun jengandika punika Dzat ingkang kathah enggenipun peparing***". (QS Ali Imran (3):08).

Kanthi mekaten punikalah , Gusti Alloh anyifati dateng tiang-tiang ingkang tumancep ilmunicipun saking para kawulanipun ingkang mukmin.

Ma'khodz : Kitab Nashoihud Diniyyah (hal.47 – 48)
Mualif : al-Habieb 'Abdulloh bin Ba'alawie al-Haddad
Mutarjim : Syamsul Qodri el-Falaky.

